



Pou Piblikasyon Imedya: 19/06/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO PIBLIYE YO LÈT OUVÈT LI VOYE BAY VIS PREZIDAN PENCE
KONSÈNAN VIZIT LI A NAN NEW YORK KOTE LI KONDANE MALTRETMAN
FANMI IMIGRAN YO**

Gouvènè Andrew M. Cuomo te pibliye yon lèt ouvèt li voye bay Vis Prezidan Mike Pence konsènan vizit li a nan New York kote li kondane maltretman fanmi imigran yo sou fwontyè a.

Tout tèks lèt la okonplè anba la a:

Pou Vis-Prezidan Pence:

Byenveni nan New York, yon flanbo pou libète ak opòtinite pou mond lan. Avèk Estati Libète a ki nan pò nou an, New York fyè pou l sèvi kòm yon senbòl prensip Ameriken nou yo ak yon pòtay dantre pou anpil milyon imigran k ap vini nan peyi a, ki gen ladan ganpapa w Richard Michael Cawley.

Jodi a, administrasyon w lan ap menase angajman nasyon sa a pran anvè ouvèti despri ak tolerans lan. Politik n ap pratike kote nou plede retire timoun yo nan men paran yo se yon endinyasyon moral sou prensip ki te konstwi eta sa a ak nasyon sa a. Politik sa a endike trè klèman ke nou te bliye kisa ki te fè Etazini gran.

Mwen ekri w antanke Gouvènè New York men tou, menm jan avèk ou, antanke papa twa timoun. Mwen paka sipòte pou m imajine doule ak soufrans paran ki nan fwontyè yo ap santi lè yo pran timoun yo nan men yo.

Si angwas paran yo pa fòse w mete fen a politik sa a, omwen sitiyasyon dezespere timoun yo dwe oblije w fè sa a. Mwen te tandè anpil sanglo tèrifyan timoun yo retire nan men paran yo. Epi mwen konnen ke mezi administrasyon w lan ap pran yo pral gen konsekans devastatè pou timoun sa yo. Rechèch ak bon sans montre efè devlopmantral ki genyen lè yo anpeche timoun yo rete ak paran yo. Yon eksperyans twomatizan konsa ka an fèt pwovoke domaj fizik ak sikolojik irevèsib.

Mwen te deja eksprime grav preyokipasyon mwen genyen avèk taktik anti imigrasyon administrasyon sa a, ki gen ladan lè mwen te mande Enspektè Jeneral Pa Enterim Depatman Sekirite Teritwa a pou l envestige taktik diskriminatwa k ap fèt nan eta nou an epi mwen te mande li pou l di nou kisa biwo li a ap fè pou yo rezoud atak sa a y ap fè

sou fanmi imigran ki sou fwontyè a yo. Epi mwen pral kontinye lite pou nou defann prensip Ameriken nou yo epi pwoteje dwa tout Nouyòkè yo.

Pandan ou nan New York la, mwen mande w pou w sonje mo Emma Lazarus yo ki ekri sou yon plak anndan pyedestal Estati Libète a:

*Banm fado w, ou menm ki pòv,
Oumnem ki nan konfizyon ki bezwen libète,
Pòv mizerab nan rivaj ou ki sipeple.
Voye sa yo, sanzabri yo, moun tanpèt balote yo ban mwen,
Mwen leve lanp mwen akote pòt annò a!*

Sensè Salitasyon,

Gouvènè Andrew M. Cuomo

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)